

RSV

Viris respiratwa sensisyal (VRS) se yon viris respiratwa kouran ki ka lakoz sentòm grav ki menase lavi tibebe ak granmoun aje yo.

Vaksen RSV yo disponib pou granmoun aje yo (50+), tibebe, ak moun ansent pou ede pwoteje moun ki pi an risk yo.



Ki moun ki an danje?

- Tibebe, sitou sa yo ki poko gen 6 mwa yo
- Timoun piti ki fèt anvan lè
- Timoun ak granmoun ki gen kèk kondisyon alabaz
- Granmoun aje yo
- Moun ki gen sistèm defans ki afebli
- Adilt k ap viv nan etablisman swen alontèm yo

Ki sentòm yo?

- Lafyèb
- Doulè nan gòj
- Nen k ap koule
- Souf kout
- Konjesyon
- Tèt fè mal
- Tous
- Fatig

Ki jan li gaye?

RSV gaye byen fasil atravè ti goutlèt respiratwa ki soti w touse, etènye, oswa lè w touche sifas ki gen viris la sou li epi apre sa touche figi w.



Eskane kòd QR a pou plis enfòmasyon.

Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w enkyete w oswa si ou kesyon sou grip sezonye a.

Limite pwopagasyon RSV a:

- ☒ Netwaye sifas moun touche souvan yo
- ☒ Evite kontak sere avèk moun ki malad
- ☒ Rete lakay ou lè ou malad
- ☒ Mete yon mask si ou malad
- ☒ Lave men w souvan
- ☒ Kouvri bouch ou lè w ap touse ak estènen
- ☒ Pran vaksen an si ou kalifye



VRS sikile plis pandan mwa otòn ak ivè yo. Si ou gen anpil risk pou ou enfeksyon RSV grav, oswa si ou gen entèraksyon ak moun ki gen plis risk pou yo vin malad grav ak RSV, ou ta dwe pran plis prekosyon pou ou rete an sante.

Granmoun Aje



Nouvo vaksen kont RSV yo ka pwoteje w kont enfeksyon RSV grav yo.

Yo rekòmande yon sèl dòz pou tout granmoun ki gen 75 lane oswa plis yo.

Gen kèk granmoun ki gen 50 lane oswa plis ki gen plis risk pou yo trape maladi RSV grav la. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou kalifikasyon w.

Moun ki Ansent

Moun ki ansent yo ta dwe pran vaksen kont RSV pou anpeche maladi grav lakay tibebe yo.

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou plis enfòmasyon.



Tibebe



Tibebe ki poko gen 8 mwa ke paran ki fè yo pa te ki resevwa vaksen RSV pandan gwosès la ta dwe resevwa antikò RSV nan premye sezon RSV yo a.

Kesyon yo Sjere pou Poze Doktè W la

- Èske mwen gen nenpòt pwoblèm sante ki ta ka ban m plis pou fè RSV grav?
- Ki sa ki enpòtan pou mwen konnen sou VRS ak lòt viris respiratwa sezon sa a?